

SPS QUARTERLY

Stamford Public Schools | Stamford, CT

Oktòb - desanm, 2022

Byenveni nan premye edisyon SPS Quarterly, yon bilten enfòmasyon ki fèt pou kenbe kominote a enfòm sou sa k ap pase nan Stamford Public Schools (SPS).

Tanpri pataje enfòmasyon sa yo ak elektè w yo, kanmarad yo ak zanmi w yo. Epi sonje, ou ka enskri tou pou resevwa bilten enfòmasyon elektwonik mwen an chak semèn ki pibliye nan vandredi pandan ane lekòl la.

Mèsi poutèt ou li epi sipòte Stamford Public Schools!



Dr. Tamu Lucero
Sipèntandan,
Stamford Public Schools

Plan Enstalasyon Alontèm

Kolaborasyon SLAM te prezante yon Plan revize pou Enstalasyon Prensipal yo bay Komite Enstalasyon alontèm pandan yon reyinyon piblik nan dat jedi 20 oktòb. Plan aktyalize a reponn ak bezwen enstalasyon chak nan kanpis nou yo sou yon peryòd 20 lane.

Nan kòmansman ane sa a, demann enstalasyon lekòl yo pou rekonstwi Westhill High School epi pou rekonstwi Roxbury Elementary antanke lekòl K-8 te soumèt bay eta a. Anvan 30 jen 2023, yo pral soumèt yon aplikasyon pou konstwi yon lekòl ki gen doub kanpis (K-4, 5-8) pou elèv ki nan katye Lockwood Avenue, Cove, ak Shippan ki prale aktyèlman nan KT Murphy ak Toquam Elementary Schools.



Konvèsasyon Kominotè: Lekòl doub kanpis

SPS ap planifye yon seri Konvèsasyon Kominotè pou diskite sou lekòl doub kanpis ki

pwopoze a. Premye reyinyon an ap fèt **Lendi 28 Novanm a 7 pm** nan sant medya nan KT Murphy Elementary School. Reyinyon sa a ap aksesib tou an liy sou [Zoom](#). Reyinyon an ap prezante ak yon entèpretasyon panyòl an pèsòn ak an liy.

Lotri Lekol Magnet yo Ouvè

Stamford Board of Education te devlope Pwogram SPS Magnet School pou ede jere enskripsyon yo epi ekilibre tout lekòl yo nan estanda entegrasyon +/- 10 pousan sikonskripsyon an pandan y ap ofri yon chwa edikatif atravè pwogram inik ak yon ansèyman ki baze sou yon tèm. [Aplikasyon](#) pou lotri SPS Magnet School 2023-24 la louvri Men dat limit yo:



- Madi 15 novanm: Elemantè ak Matènèl
- Madi 17 janvyè 2023: Lekòl Segondè
- Mèkredi 1ye mas 2023: Lekòl Elemantè

Plis enfòmasyon sou pwogram magnet la disponib [isit la](#).

Konvèsasyon Kominotè: Sesyon SPS Familyal

Parent-Teacher Council of Stamford ak Stamford Cradle to Career prezante

Konvèsasyon Kominotè ak D. Lucero pandan tout ane lekòl la. Pandan evènman sa yo, manm kominote a gen okazyon tandè Sipèntandan an epi poze li kesyon. Yon anrejistreman videyo reyinyon 17 oktòb la disponib [la a](#).

Pwochen Konvèsasyon Kominotè a ap fèt **Jedi 1ye Desanm**. Detay sou reyinyon sa a ap anonse nan kòmansman mwa novanm nan.



Seyans enfòmasyon lekòl segondè pou fanmi 8yèm ane yo

9 Novanm 6:30 pm

Stamford Public Schools ofri anpil opsyon pou elèv ki enterese nan pwogram lekòl segondè espesyalize yo. Sa yo enkli Pwogram Agriscience ak Junior ROTC nan Westhill High School, Early College Studies ak Pwogram Bakaloreya Entènasyonal nan Stamford High School, epi lekòl segondè magnet entè-sikonskripsyon Academy of Information Technology & Engineering. Elèv yo ka aplike pou pwogram sa yo kèlkeswa lekòl segondè sikonskripsyon yo a. Fanmi klas uityèm ane ki enterese konnen plis sou pwogram sa yo ta dwe rejwenn nou Mèkredi 9 novanm a 6:30 pm sou [Zoom](#).

Pakou Pwofesyonèl, aprantisaj nan espas travay la ak fòmasyon

SPS angaje ak Eta Connecticut epi Sant Nasyonal pou Tranzisyon Kolèj ak Karyè (NC³T) pou devlope yon Sistèm Pathway pou preparasyon pou karyè ak lavi. Yon Sistèm Pathway se entèraksyon kowòdone eleman kle yo – ki gen ladann devlopman karyè, ansèyman ak aprantisaj dinamik, angajman anplwayè ak kominote a, epi patenarya entèsektoryèl – ki fèt pou devlope yon wo nivo preparasyon nan karyè ak nan lavi. Elèv yo asosye aprantisaj la ak mond reyèl la epi devlope konesans, konpetans, ak mantalite pou yo antre avèk siksè nan mond adilt travay la, karyè, ak lavi kominote a. Klike [la a](#) pou vizite paj wèb SPS Career Pathway la.



Priz rapid

- **Règleman sou Telefòn Selilè:** Konsèy Edikasyon an te adopte yon nouvo Règleman sou Telefòn Selilè. Sof kèk eksepsyon limite, telefòn selilè elèv yo pa ka itilize, tandè, oswa parèt pandan jounen ansèyman an.
- **Manje gratis pou elèv:** Stamford Public Schools te otorize pou ofri tout elèv yo manje maten ak manje midi GRATIS ane lekòl sa a. Okenn fòmilè pa nesesè. Fanmi ki bezwen pwouve elijiblite pou lòt pwogram tankou egzansyon frè egzamen oswa kan a pri redwi ak pwogram ekstra eskolè yo dwe ranpli Sondaj sou revni nan kay la ki disponib [la a](#).
- **Sant Sante Lekòl yo Bay Sèvis Medikal ak Sante Mantal GRATIS:** SPS te asosye ak [Family Centers](#) pou bay sant sante konplè nan Westhill, Stamford High, Cloonan, Dolan/Toquam ak Rippowam/AITE. Sant sante lekòl sa yo bay elèv yo sèvis medikal konplè ak sante konpòtmantal GRATIS nan lokal la. Paran yo dwe enskri pou pitit yo ka itilize sant sante yo. Pou plis enfòmasyon oswa pou w enskri, klike [la a](#) oswa gade [depliyan](#) sa a.
- **Reyinyon Konsèy PT:** [Parent-Teacher Council of Stamford](#) se yon òganizasyon san bi likratif tip 501(c)3 ki regwoupe paran ak pwofesè ki nan lekòl nou yo. Konsèy PT a reyini regilyèman pandan tout ane lekòl la pou diskite sou sijè ki enterese fanmi SPS yo. **Pwochen reyinyon an se Jedi 17 Novanm a 7:30 pm sou Zoom.** Reyinyon sa yo louvri pou tout fanmi SPS yo. Voye imèl nan ptcouncil@gmail.com pou lyen reyinyon an oswa klike [la a](#) pou w rejwenn lis difizyon an.
- **Stamford All-School Musical:** Otòn sa a se Something Rotten, yon komedi mizikal piblik la apresye anpil. Rezidan Stamford ki gen laj 13 rive nan 12yèm ane fòme twoup, ekip ak òkès pwodiksyon sa a avèk sipò pwofesyonèl teyat ak volontè yo. Nan 15^{yèm} edisyon li a, Stamford All-School Musical a ap prezante 2-3 desanm ak 9-11 desanm nan Westhill High School. Tikè yo ap an vant 1ye novanm. Klike [la a](#) pou plis enfòmasyon.
- **Nou ap rekrite!** Stamford Public Schools ap chèche pwofesè kalifye, para-edikatè, anplwaye sekirite, ak pwofesè ranplasan. Si w konnen yon moun ki ta bon pou Sikonskripsyon nou an, tanpri ankouraje li pou li [aplike](#).

Mèsi paske ou te li. Pou plis enfòmasyon sou Stamford Public Schools ak enfòmasyon ki ajou sou evènman ak aktivite yo, vizite [sit entènèt](#) nou an.